



Fèy Enfòmasyon

Poukisa Vaksinyasyon kont Lagrip Enpòtan

- Lagrip se yon maladi grav e ki ka lakòz lanmò; li pwopaje byen fasilman. Nenpòt moun ka trape lagrip, men to enfeksyon an pi wo kay timoun.
- Vaksinyasyon kont lagrip san danje e efikas; epitou se pi bon fason pou anpeche moun pran viris la oswa pou anpeche viris la gaye.
- Lagrip ka agrave maladi kwonik oswa li ka lakòz konplikasyon grav kay moun ki souffri divès maladi kwonik. Kidonk, vaksen an ka espesyalman benefisye timoun tankou granmoun ki gen sèten maladi kwonik, tankou opresyon, dyabèt, maladi kè, ak sistèm iminitè ki fèb.
- Lè yo vaksinen timoun toupato, sa ka bloke transmisyon lagrip la ba lòt moun, piske epidemi lagrip yo kòmanse anjeneral sou timoun epi apres a li atenn lòt moun nan kominote a.
- Vaksen anyèl kont lagrip sezonye a pa bay pwoteksyon kont lagrip avyè (grip zwezo). Lagrip sezonye kontinye ap poze yon pi gwo danje pou moun Ozetazini pase lagrip avyè a.

Kilè Moun Sipoze Pran Vaksen kont Lagrip

- Nan peyi Etazini, sezon lagrip la ka kòmanse depi nan mwa oktòb epi l ka fini byen ta jouk nan mwa me. Anjeneral, sezon lagrip la pi fò nan mwa fevriye; kidonk, lè w pran vaksen sito vaksen an disponib nan kominote w la e tout pandan sezon otòn ak ivè, sa nan avantaj ou.
- Yon vaksen chak ane se tout sa yon moun bezwen pou pwoteje l kont lagrip la; esepite pou timoun ki gen mwenske 9 an ki bezwen de dòz omwen nan yon entèval yon mwa nan premye ane yo pran vaksen an.
- Anjeneral, viris lagrip k ap sikile a chanje ane apre ane. Poutèt sa, yo fè yon nouvo vaksen chak ane pou pwoteje kont viris ki gen plis chans parèt nan kominote a.
- Vaksen kont lagrip la efikas sèlman pandan sezon aktyèl la, kidonk li enpòtan pou pran vaksen chak ane.
- Se pou w kontakte pwofesyonèl swen sante w la pou mande vaksen kont lagrip la pou pitit ou, pou oumenm ak pou lòt moun ki nan kay ou. Gen plizyè

pwofesyonèl swen sante ki bay vaksen an. Lopital lokal, klinik sante, magazen, e menm sèten patwon ka òganize klinik pou vaksinasyon tou.

Kilès ki Dwe Pran Vaksen kont Lagrip la

- Nenpòt moun ki vle diminye risk li pou l trape lagrip sipoze pale ak yon pwofesyonèl swen sante osijè pran vaksen an chak ane.
- Komite Konsèy sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou moun annapre la yo pran vaksen chak ane kont lagrip:
 - Tout moun ki vle diminye risk pou yo vin malad ak lagrip oswa pou yo transmèt lagrip la ba lòt moun
 - Tout timoun ki gen depi 6 mwa jouk rive 18 an
 - Nenpòt timoun ki gen 6 mwa oswa piplis e ki souffri sèten maladi kwonik (pa egzanzp, dyabèt, opresyon, maladi kè, sistèm iminitè ki fèb)
 - Fanm ansent
 - Moun ki abite avèk, k ap okipe, oswa ki an kontak sere avèk moun ki gen risk pou malad yo, avèk tou timoun ki gen mwenske 6 mwa ak moun ki souffri maladi kwonik oswa sistèm iminitè ki fèb
 - Moun ki gen 50 an oswa piplis
 - Pwofesyonèl swen sante
 - Moun ki rete nan mezon retrèt ak nan lòt etablisman pou swen kwonik

Ki Moun ki dwe Evite pran Vaksen kont Lagrip la

- Moun ki te fè yon reyaksyon alèjik grav (pa egzanzp, anafilaksi) kont ze oswa kont pwoteyin ze, oswa ki te fè yon reyaksyon alèjik kont yon vaksen kont lagrip oparavan, moun sa yo dwe evite pran vaksen an.
- Moun ki vin devlope sendwòm Guillain-Barré (Guillain-Barré Syndrome, GBS) nan peryòd 6 semenn apre yo te pran vaksen kont lagrip la anvan dwe evite pran vaksen an.
- Moun ki gen maladi febril egi (gwo lafyè) dwe tann jiskaske sentòm yo ale. Sepandan, yo ka pran vaksen lè yo gen maladi ki pa grav, ki vin ak lafyè oswa ki pa vin ak lafyè.
- Sèten gwoup moun, tankou moun annapre la yo, pa dwe resevwa vaksen yo administre nan nen an:

- Moun ki gen mwenske 2 zan
- Moun ki gen 50 an oswa piplis
- Timoun oswa adolesan k ap pran aspirin
- Fanm ansent
- Moun ki gen sèten maladi ki deja la sou yo, tankou opresyon oswa dyabèt

Sekirite Vaksen kont Lagrip la

- Yo fè vaksen enjektab la apatide yon viris inaktive oswa yon viris ke yo touye e ki paka transmèt enfeksyon. Vaksen sa a gen lisans pou yo itilize l kay tout moun ki gen 6 mwa oswa piplis, kèlkeswa eta sante yo. Vaksen ki sou fòm espere nan nen an fèt apatide viris vivan, atenye (febli).
- Efè segondè ou jwenn pi souvan ak vaksen enjektab kont lagrip la se kote yo bay piki a ki sansib; sa dire ant youn ak de jou. Detanzantan, gen kèk moun ki konn pase yon peryòd tan kote yo gen ti lafyèv ak fatig pandan yon jou oswa de, apre yo pran vaksen an.
- Efè segondè ou jwenn pi souvan ak vaksen yo administre nan nen an, se nen k ap koule. Lòt efè segondè enkli sentòm ki tankou sentòm rim, tankou maltèt, tous, malgòj, fatig, oswa feblès, moun nan chimerik oswa li gen doulè nan misk.

Enfòmasyon sou *Kowalisyon Vaksinasyon Timoun kont Lagrip (Childhood Influenza Immunization Coalition, CIIC)*

Fondasyon Nasyonal pou Maladi Enfektyez (National Foundation for Infectious Diseases, NFID) te etabli Kowalisyon Vaksinasyon Timoun kont Lagrip (*Childhood Influenza Immunization Coalition, CIIC*) pou pwoteje tibebe, timoun ak adolesan kont lagrip nan kominike avèk “yon vwa solid” bezwen pou fè vaksinasyon kont lagrip la yon kesyon priyorite pou sante nasyonal. *CIIC* gen kòm objektif, pou l abòde e amelyore to enkyetan vaksinasyon kont lagrip ki ba anpil pami timoun yo. Chak ane lagrip lakòz apeprè 20.000 moun entène lopital e lakòz apeprè 100 timoun ameriken ki gen mwenske 5 an mouri.

Men òganizasyon ki pami manm *Kowalisyon an*: Rezo Alèji ak Opresyon pou manman ki gen timoun asmatik (Allergy & Asthma Network Mothers of Asthmatics), Akademi Pedyatrik Ameriken (Academy of Pediatrics), Akademi Ameriken Asistan Doktè (American Academy of Physician Assistants), Kolèj Kadyoloji Ameriken (American College of Cardiology), Kolèj Obstetrisyen ak Jinekòlòg Ameriken (American College of Obstetricians and Gynecologists), Asosyasyon Pilmonè Ameriken (American Lung Association), Asosyasyon Medikal Ameriken (American Medical Association), Asosyasyon Famasyen Ameriken (American Pharmacists Association), Asosyasyon Sante Piblik Ameriken (American Public Health Association), Fowòm Ameriken sou Sante Moun Azyatik ak Moun Zile Pasifik (Asian and Pacific Islander American Health

Forum), Asosyasyon Otorite Lasante onivo Leta ak onivo Teritoryal (Association of State and Territorial Health Officials), Fondasyon Opresyon ak Alèji nan Amerik la (Asthma and Allergy Foundation of America), Enstiti Ranch Kanyon (Canyon Ranch Institute), Sant pou Konsyantizasyon ak Rechèch sou Vaksen nan Lopital pou Timoun ki nan Tekzas (Center for Vaccine Awareness and Research at the Texas Children's Hospital), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Chak Timoun pa De (Every Child By Two), Köporasyon Fanmi k ap Goumen kont Lagrip (Families Fighting Flu, Inc.), Fondasyon pou Defisyans Iminite (Immune Deficiency Foundation), Kowalisyon Aksyon Vaksinasyon (Immunization Action Coalition), Kaiser Permanente – Nò Kalifòni (Kaiser Permanente-Northern California), Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun (National Association for the Education of Young Children), Asosyasyon Nasyonal pou Sant Sante Kominotè (National Association of Community Health Centers), Asosyasyon Nasyonal pou Enfimye Pratisyen Pedyatrik (National Association of Pediatric Nurse Practitioners), Asosyasyon Nasyonal pou Enfimye Lekòl (National Association of School Nurses), Fondasyon Nasyonal pou Maladi Enfektyez (National Foundation for Infectious Diseases), National Hispanic Medical Association (Asosyasyon Medikal Nasyonal pou Panyòl), Asosyasyon Medikal Nasyonal (National Medical Association), Paran ki gen Timoun ki gen Maladi Enfektyez (Parents of Kids with Infectious Diseases), Sosyete pou Medsin Adolesan ak Sant Edikasyon sou Vaksen nan Lopital pou Timoun nan Filadelfi (Society for Adolescent Medicine and Vaccine Education Center at The Children's Hospital of Philadelphia).

Se grasa yon sibvansyon edikatif san restriksyon sanofi pasteur bay NFID ki fè inisyativ *Kowalisyon Vaksinasyon Timoun kont Lagrip la (Childhood Influenza Immunization Coalition)* posib.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou *CIIIC* oswa sou lagrip la, tanpri, ale nan www.PreventChildhoodInfluenza.org.